

## Fason pou w patisipe nan komite ak ekip lekòl yo

Lè fanmi yo ak pwofesè yo travay ansanm, timoun yo gen plis chans pou yo reyisi, ale lekòl chak jou, epi yo santi yo konekte ak kamarad klas yo ak pwofesè yo. Paran ak moun k ap okipe lekòl yo santi yo fè pati kominote lekòl la. Yon fason enpòtan kèk fanmi chwazi pou patisipe nan lekòl pitit yo se lè yo rantre nan yon ekip oswa komite lekòl la. Paran ak moun k ap bay swen yo kapab rankontre lòt fanmi yo epi travay avèk pwofesè yo ak administratè yo pou yo pran desizyon konsènan lekòl la oswa distri a.

### Kijan pou m enplike?

#### ALe nan rankont gwooup paran yo.

Nan pifò lekòl yo, gen gwooup pou paran ak moun k ap bay swen yo rankontre ansanm. Nan gwooup sa yo, paran ak pèsonèl lekòl la diskite sou enkyetid yo epi planifye aktivite pou sipòte tout elèv, pwofesè, ak fanmi nan lekòl la. Pafwa gwooup paran yo ka konsantre sou sijè espesifik oswa gwooup kiltirèl.

Pafwa yo ka rele gwooup la Parent Teacher Association (PTA) oswa Parent Teacher Organization (PTO).

#### Rejwenn ekip lidèchip lekòl la.

Nan Ohio, chak distri lekòl gen ekip ki travay ansanm pou amelyore lekòl yo. Anjeneral ekip yo genyen anplwaye ak administratè lekòl la, manm kominote a, ak reprezantan fanmi yo. Si w enterese fè pati yon ekip lidèchip lekòl la, ou ka mande pwofesè pitit ou a, direktè lekòl la, oswa yon lòt paran sou opòtinite ki genyen nan lekòl ou oswa distri w la.

Paran ak fanmi tankou ou ka rantre nan ekip sa yo. Ou ka pataje rekòmandasyon ak lide enpòtan ak lidè lekòl yo. Paran oswa moun k ap bay swen ki nan ekip lekòl yo ede lekòl yo pran desizyon enpòtan. Yo sipòte chanjman pou amelyore lekòl la ak aprantisaj. Anba a gen enfòmasyon sou kalite ekip ou ka jwenn nan lekòl ou a.

## District Leadership Team

Ekip sa a gen ladan I anplwaye lekòl la, patnè kominotè yo, ak lidè lekòl yo. Yo sipèvize distri lekòl la. Ekip sa a konsantre sou chanjman ki afekte tout distri lekòl la.

## Building Leadership Team

Building Leadership Team gen ladan I anplwaye lekòl la, pwofesè, ak lidè lekòl yo. Lidè sa yo enkli direktè a ak administratè lekòl yo. Ekip sa a konsantre sou chanjman nan yon sèl lekòl.

## Positive Behavioral Interventions and Supports Team

Lekòl Ohio yo genyen ekip Positive Behavioral Interventions and Supports (PBIS) yo. Yo travay ak fanmi yo ak anplwaye lekòl yo pou asire lekòl la ap itilize pratik ki sipòte byennèt ak aprantisaj chak elèv.

## Ki kesyon mwen kapab poze lekòl la?

- Ki diferan fason mwen ka enplike nan lekòl la?
- Ki moun mwen ka mande sou fason pou m enplike nan lekòl la?
- Èske mwen bezwen konnen anglè pou patisipe?
- Kijan pou m fè benevola lekòl la?
- Ki gwoup paran oswa fanmi mwen kapab rejwenn?

## E si m pa santi m alèz pou m pale anglè?

Lekòl yo dwe bay entèprèt pou fanmi yo. Entèprèt yo ka ede fanmi yo pale ak pwofesè yo ak anplwaye lekòl yo. Lekòl la kapab bay entèprèt ki disponib tou pou ede fanmi yo nan aktivite lekòl yo. Ou ka mande entèpretasyon oswa tradiksyon nan lekòl la gratis.

Aprann plis nan seksyon Itilize Entèprèt nou an.



## Resous Adisyonèl

- Resous Colorin Colorado sa a eksplike kijan paran yo ak fanmi yo ka patisipe nan lekòl pitit yo. <https://www.colorincolorado.org/article/parent-participation-how-get-involved-your-childs-school-activities>

- Paj USA Hello sa a eksplike kijan paran yo ka sipòte edikasyon pitit yo.  
<https://usahello.org/education/children/help-child-in-school>
- Gid Ready4K sa a pale de navigasyon lekòl yo epi patisipe nan edikasyon pitit ou a.  
<https://learn.ready4k.com/school-newcomer-resource>
- Paj Raising Language Learners sa a bay lide pou patisipe nan edikasyon pitit ou a.  
<https://raisinglanguagelearners.com/ideas-to-participate-in-your-childs-education>

*Resous sa yo vize ranfòse akademik, byennèt elèv yo, ak invèsite ak rezulta karyè pou aprenan miltileng nan Ohio. Resous yo te kreye atravè yon efò kolaborasyon ant Ohio Department of Education and Workforce and The Ohio State University's Center "Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio ak Sant" sou Edikasyon ak Fòmasyon pou Travay Ohio State University ansanm ak yon gwooup defansè fanmi devwe, lidè kominotè, pèsonèl distri lekòl la, ak pwofesè yo.*